

Tès Mobil pou Tretman

SAN FRÈ, SAN KAT IDANTTE, SAN ASIRANS, tretman COVID-19 sou plas, nan menm jou a, disponib

Chwazi **NYC Test + Trace Corps** inite tès mobil yo ofri tès kounye a pou tretman COVID-19 ak preskripsyon pou pasyan tès yo soti pozitif pou viris la. Medikaman an vini sou fòm konprime, se yon pwofesyonèl swen sante ki preskri li nan inite mobil la, epi yo fè li sou plas - tout bagay **gratis** pou pasyan yo. Tretman an ka anpeche w vin malad grav epi, nan anpil ka, li ka anpeche w al entèn lopital.

Ki jan sa fèt:

- Yo ba w yon tès antijèn COVID-19 rapid gratis
- Rezilta yo disponib nan mwens pase yon demi èdtan
- Si tès ou a pozitif, y ap voye w bay yon pwofesyonèl swen sante sou plas, imedyatman
- Pou l konnen si w kalifye, pwofesyonèl swen sante a pral revize istwa medikal ou, nenpòt medikaman w ap pran kounye a ak pwoblèm medikal ou genyen deja, ki ka konplike dyagnostik ou a.
- Si w kalifye epi w chwazi pou w resevwa tretman antiviral COVID-19 la, pwofesyonèl swen sante a ap ekri yon preskripsyon sou plas pou ou.
- Y ap ba w medikaman yo preskri w la nan inite mobil la, pou w ka pran li lakay ou.

Kisa tretman an ye?

Tretman antiviral la se yon konprime, pou w pran de fwa pa jou pandan senk jou.

Ki moun ki kalifye pou resevwa tretman COVID-19?

Pasyan ki gen plis risk pou yo trape yon fòm COVID-19 ki soti nan modere pou rive nan grav, ki gen plis pase 12 lane, epi ki fè yon tès ki pozitif pou viris la nan yon inite mobil NYC HHC ki ofri tretman antiviral COVID-19 yo kalifye. Ou pa bezwen gen asirans, epi yo bay pasyan yo tretman antiviral la gratis.

Èske mwen ka resevwa tretman an si mwen fè yon tès lakay mwen ki pozitif?

Non. Pou rezon klinik ak sekirite, pasyan yo oblije fè tès la nan inite mobil la pou yo ka konsilte klinisyen an sou plas. Si w te fè yon tès lakay ou ki pozitif, ou ka fè yon lòt tès nan inite mobil la OSWA rele 212-COVID19 (212-268-4319) pou ExpressCare fè yon tès depistaj pou ou vityèlman, pou wè si w kalifye.

Ki kote inite mobil sa yo pral ye?

Inite Test to Treat sa yo pral lokalize yo toupatou nan vil la, tankou nan pak ak yo ak nan òganizasyon kominotè yo. Y ap mete yon lis ki gen tout sit yo chak semèn nan nyc.gov/covidtest.



Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa pou w konn ki kote sit yo ye, rele 1-212-COVID19 (212-268-4319) oswa ale sou www.nyc.gov/covidtest

NYC
HEALTH+
HOSPITALS

JL
Test & Treat
Corps

NYC
Health

Haitian Creole 08/22